

CONSTRUCTION PROJECT FACT SHEET

FLORIDA DEPARTMENT OF TRANSPORTATION



Enstalasyon sistèm pou detekte machin k ap antre nan move bò Nan 24 ranp toupatou nan Miami-Dade County

No. Identifikasyon pwojè a: 446947-2-52-01

FDOT COMPASS

FDOT pran angajman pou li asire enfrastruktè Eta a sèvi rezidan, biznis, ak vizitè pou reponn a bezwen yo genyen nan kesyon transpò kounye a epi pi devan. Men kék nan pwen kle yo pwoteksyon moun, rezistans, chèn apwovizyonman, teknoloji, epi devlopman mendèv. Men avantaj pwojè sa a:

KOMINOTE YO

- Travay sa a pral ede wout yo vin pi an sekirite pou tout moun ki rete nan Miami-Dade County epi pou vizitè

SEKIRITE

- Enstale sistèm deteksyon pou machin pa antre nan move bò nan plizyè kote sou wout State Road (SR) 826/Palmetto Expressway, SR 9A/I-95, SR 93/I-75, epi sou wout SR 112/I-195/Julia Tuttle Causeway
- Redui valè aksidan, moun ki blese, ak moun ki mouri sou gran wout nan Eta Florid yo (sa yo rele Aywe yo)
- Enstale siyal ki reflete limyè atè sou beton an ki yon ti jan elve nan plizyè kote pou distenge liy yo epi amelyore vizibilite sa ki make atè sou wout la

REZIYLAN

- Reyasfalte wout la epi retrase liy atè sou ranp yo pou prezèvre dire tan sèvis wout la

TEKNOLOJI


- Enstale sistèm ki pote non angle "Wrong-Way Driving Intelligent Transportation Systems (ITS)" ki genyen:
 - Kamera ak sistèm konpitè ki kab detekte machin k ap kondi sou move bò sou wout la
 - Mete limyè siyal LED yo tout otou pankad ki make "wrong-way" yo pou avèti chofè yo
 - Enstale yon sistèm ki avèti Biwo jesyon transpò SunGuide la kon sa anplwaye yo ap kab avèti otorite yo

DEVELOPMAN MENDEV

- Pwojè sa a kreye opòtinite pou kontraktè, epi sa va pote avantaj ekonomik pozitif pou travayè epi pou kominote a

TOUJOU KONSIDERE PWOTEKSYON MOUN AN PREMYE

Pou pwoteksyon w ak pwoteksyon lòt moun, tanpri pran prekosyon lè w ap kondui machin, lè w ap mache oswa lè w ap pase sou bekàn nan zòn konstriksyon yo. Pou dènye nouvèl sou sikilasyon an, al sou: www.fl511.com.



MEN SA NOU DWE ATANN

Y ap fè travay yo moso pa moso pou yo pa twò deranje moun nan zòn nan. Pòson wout y ap fèmen yo ka gen efè sou sikilasyon an nan lè ki pa gen anpil trafik yo. Y ap oblige fèmen ranp yo nèt lè y ap travay sou pwojè sa a epi y ap fe machin pase nan lot wout lè y ap teste nouvo sistèm deteksyon sa a. Y ap afiche byen klè tout lòt wout pou machin pase. Y ap kite wout pou moun antre nan kote ki fè fas ak kote y ap fè

KALANDRIYE

Me 2024 - kòmansman 2026

ESTIMASYON

PRI KONSTRIKSYON AN

6.7 milyon dola

KOTE YO PRAL FÈ PWOJÈ A

Miami-Dade County

Avi: Sa posib yo kab chanje dat yo.

INFÒMASYON SOU LIY TRAFIK YO PRAL FÈMEN

Y ap fè travay yo moso pa moso pou konstriksyon an pa twò deranje moun nan zòn nan. Yo kab fèmen wout ak ranp yo nan lè sa yo:

Lendi a jedi

9 p.m. pou 5:30 a.m., chak swa

Vandredi ak samdi

11 p.m. pou 7 a.m., chak swa

Y ap kite kote pou moun pase antre nan biznis epi lakay yo. Chak semenn y ap afiche kote y ap fè travay yo sou sitwèb biwo transpò a, www.southflroads.com.



KONTAK

FDOT Consultant Community Outreach Specialist
Miranda Brito | Miranda.Brito@dot.state.fl.us | 786-774-9714

FOLLOW US MyFDOT_Miami

MyFDOTMiami

SOUTHFLROADS.COM

Eskane Kòd QR sa a pou dènye nouvèl sou pwojè a.

